# СУДЬЯ КӨЗҚАРАСЫ ҲӘМ ЖУЎАПКЕРШИЛИК ЖОЛДАҒЫ БИЙПАРЎАЛЫҚ – ӨМИРГЕ ҚӘЎИП

**Гүлназ Утепбергенова**
*Жынаят ислери бойынша*
*Нөкис район судының*
*Тергеў судьясы* -

Бүгинги күнде жол-транспорт ҳәдийселери жәмийетимиздиң ең аўыр ҳәм қайғылы машқалаларының бирине айланбақта. Атқарылып атырған кең көлемли профилактикалық илажларға ҳәм нызамшылықтағы жазалардың қаталластырылыўына қарамастан, жолларда адам өлими менен жуўмақланыўшы қайғылы жағдайлардың саны азаймай атырғаны ҳәммемизди терең ойға салыўы тийис.

Судта көплеген усындай аўыр жынаят ислерин көрип шығыўға туўра келеди. Суд залында ҳәр бир ис артында бир шаңарақтың орны толмас жоғалтыўы, ата-ананың көз жасы, жетим қалған перзенттердиң әрманлары турғанын көриў жүдә аўыр. Әмелият көрсетип турғанындай, жол-транспорт ҳәдийселериниң басым бөлеги транспорт қуралын жоқары тезликте басқарыў, қуўып өтиў қағыйдаларын бузыў, мәс ҳалында рульге отырыў ҳәм пиядалардың итибарсызлығы ақыбетинде келип шықпақта.

Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 266-статьясына муўпапық, жол ҳәрекети ямаса транспорт қуралларынан пайдаланыў қағыйдаларын бузыў адам өлимине алып келсе, туўрыдан-туўры он жылға шекем еркинен айырыў жазасы белгиленген. Нызамшылықта жаза шаралары әдеўир қаталластырылған болса да, тек ғана жаза менен машқаланы толық шешип болмайды. Жаза – бул соңғы шара, ал бизге ҳәдийсениң алдын алыў ҳәм инсан өмирин сақлап қалыў әҳмийетли. Жолдағы бипарўалық – бул жай ғана қағыйда бузыў емес, ал өзгелердиң өмирине қастан исленген қәўип болып табылады.

Жол-транспорт ҳәдийселериниң, әсиресе, өлим менен жуўмақланыўшы жағдайлардың алдын алыў ҳәм жолларда қәўипсизликни тәмийинлеў бойынша төмендеги ҳәрекетлерди әмелге асырыўды усыныс етемиз:

Инфраструктураны жақсылаў ҳәм санлы бақлаўды кеңейтиў:

Жоллардағы қәўипли участкаларды, мектеп ҳәм балалар бақшалары әтирапын дурыс жақтыландырыўлар, физикалық тезлик шеклегишлер ҳәм видеобақлаў камералары менен толық тәмийинлеў.

Тезлик режимине қатал бақлаў орнатыў: Елатлы пунктлер ҳәм адамлар көп жыйналатуғын аймақларда тезлик шеклеўлерин бузған айдаўшыларға қарата бийпарўа болмаў, тәкирарий қағыйда бузғанларды транспорт басқарыў ҳуқықынан узақ мүддетке айырыў.

Айдаўшыларды таярлаў сапасын арттырыў: Автомектеплерде оқытыў дүзилмесин қаталластырыў, айдаўшылық гүўалығын бериўде видеобақлаў астында ашық ҳәм әдил имтиханлар өткериў.

Жол ҳәрекети мәдениятын ҳәм жуўапкершиликти қәлиплестириў: Жолдағы тәртип ҳәм сүренлик мектеп босағасынан басланыўы тийис. Оқыў орынларында ҳәм ғалаба хабар қуралларында жол-транспорт ҳәдийселериниң қайғылы ақыбетлерин көрсететуғын профилактикалық  үгит-нәсиятты күшейтиў.

Жолдағы қәўипсизлик – бул тек ғана ишки ишлер уйымларының ямаса судның жумысы емес, ал пүткил жәмәәтшиликтиң ортақ жуўапкершилиги. Тезликке берилип, асығыў арқалы бир неше минутты үнемлеўимиз мүмкүндур, бирақ бул бийпарўалық бир инсанның пүткил өмирин жоғалтыўына жол қоймаўы тийис. Ҳәр бир айдаўшы ҳәм пияда жолға шыққанда өзиниң ҳәм өзгенниң өмири ушын жуўапкер екенин терең сезиниўи шәрт.